ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*Қол жазба ҳуқықында*

*УДК: 336:35*

**ТУРСЫМУРАТОВ ҚУЎАТБЕК МУРАТБЕКОВИЧ**

# «Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары»

5А230901- Бухгалтериялық есап

Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған диссертация

МАК да жақлаўға рухсат

Магистратура бөлими баслығы

_______доц. Гулимов А.

Кафедра баслығы: ________ доц. Исмайлов К.

Илимий басшы: ___________ доц. Исмайлов К.

**Нөкис 2014 - ж.**

## МАЗМУНЫ

Кирисиў

**1-бап. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары ҳәм салық есабын есаплаўдың теориялық тийкарлары**

1.1. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары.

1.2. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларын әмелге асырыўда салық есабының тутқан орны.

**2-бап. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық бағдарларында салық сиясаты, есабы ҳәм анализи**

2.1. Салық сиясаты-мәмлекетлик социаллық-экономикалық саласының әҳмийетли бағдары сыпатында.

2.2. Салық есабын шөлкемлестириў, есап-санағын алып барыў ҳәм анализлеў.

**3-бап. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларында салық есабы методологиясын жетилистириў жоллары**

3.1. Өзбекистанда социаллық-экономикалық сиясатының раўажланыў жоллары.

3.2. Салық есабы методологиясын шет ел тәжирийбелери тийкарында жетилистириў.

Жуўмақлаў ҳәм усыныслар.........................................................................

Пайдаланылған әдабиятлар дизими..............................................................

Қосымшалар..................................................................................................

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы.** Бүгинги күнде мәмлекетимизде алып барылып атырған сиясаттың ең тийкарғы мақсети - халықты социаллық жақтан қорғаў болып есапланады. Бул мақсетке ерисиўимиз ушын мәмлекетимизде Республикамиздың социал-экономикалық саласында киши бизнес ҳәм исбилерменликти раўажландырыў есабынан халықтың бәнтлигин тәмийинлеў, меншиклестириў ҳәм монополияны болдырмаў сыяқлы ис-илажлар алып барылмақта. Демек, мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары бүгинги күнде актуал мәселе дәрежесине көтерилмекте. Себеби, бул мәселениң унамлы шешилиўи Республикамызда алып барылып атырған сиясаттың туўры жөнелисте даўам етиўине ҳәм салық есабының оптимал методын ислеп шығып жетилистирилиўине түртки береди. Бүгинги күнде мәмлекетимизде өз искерлигин алып барып атырған хожалық жүргизиўши субъектлер арасында салық есабы ҳәм есабатын толтырыўда, анализлеўде ҳәм өз ўақтында тийисли органларға тапсырыўында бир қанша машқалаларға дуўшар болмақта. Мине, усы мәселелерди шешиўде диссертацияда пикир ҳәм усынислар келтириледи. Булардан, хожалық жүргизиўши субъектлер ушын егер, салық есабының оптимал усылы ислеп шығылса, кәрханалар өз ўақтын үнемлейди, эффектли жумыс алып барады ҳәм жумыс сапасы асады.

Бул ҳаққында Президентимиз И.А.Каримов өз мийнетинде былай деген еди:

«Узақ мүддетли ғәрезсизликке мөлшерленген, мәмлекетимиздиң қудиретин ҳәм экономикамиздың бәсекеге шыдамлылығын асырыўда шешиўши ролди атқаратуғын нәўбеттеги зәрүр болған жөнелис – бул тийкарғы жетекши тараўларды модернизациялаў, техникалық ҳәм технологиялық жақтан жаңаландырыў, транспорт ҳәм инфраструктура коммуникацияларын раўажландырыўға

бағдарланған стратегиялық әҳмийетке ийе жойбарларды әмелге асырыў ушын актив инвестиция сиясатын алип барыўдан ибарат»[1].

Мәмлекетимизде экономиканы либералластырыў, экономикалық реформаларды тереңлестириў ҳәм мәмлекетти модернизациялаў шараятында бюджет-салық сиясатының әҳмийети артып бармақта.

Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың елимизди 2012-жылда социаллық - экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2013-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги Өзбекистан экономикасы алдында турған тийкарғы ўазыйпалар ҳаққында тоқталып, «… киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик экономикасының тез өзгерип туратуғын базар талапларына жуўап бериўин тәмийинлейтуғын заманагөй дүзилмелерди қәлиплестириўде, жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириўде ҳәм халық дәраматларын асырыўда қаншелли жүдә әҳмийетли роль ойнаўын, әлбетте, терең аңлаймыз»[2]деп айтып өтеди.

Базар экономикасына өтиў дәўиринде ең әҳмийетли ўазыйпалардан бири мәмлекет өмириниң барлық тараўларында ең нәтийжели вариантларды илимий тийкарлап таңлап алыў ҳәм оларды турмысқа енгизиўден ибарат. Содан келип шығып, салық сиясатының ең тийкарғы ўазыйпасы сыпатында бир тәрептен мәмлекет ушын, екинши тәрептен салық төлеўшилер ушын ең мақул болған илимий тийкарланған вариантларды ислеп шығыў ҳәм салық әмелиятина енгизиўден ибарат.

Экономикани еркинлестириў шараятында нызам үстинлигин тәмийинлеў пуқаралардың реформаларымызға болған исенимин беккемлеп,

---

[1] Каримов И.А .Тийкарғы вазифамиз-ватанимиз тараққиети ва халқимиз фаравонлигини янада юксалтириш- *Тошкент: Ўзбекистон, 2010, 65-бет*

[2] Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың елимизди 2012-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2013-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты *«Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2013 жыл № 6 1-бет.)*

оның өмирде бар екенин көрсетпекте. Соның ушын реформаларды әмелге асырыўдың бүгинги басқышында экономикалық нызамларға әмел қылыўшы исбилерменлик субъектлерин хошаметлеў жолларынан бири сыпатында салық жүгин кемейттириў, салықларды унификация қылыў илажларын мысал қылып келтириў мүмкин.

Республикамызда өндиристи раўажландырыўда алдынғы заманагөй технологиялардан пайдаланыўды жолға қойыў мәселелери әмелге асырылмақта. Экономикамыздың дерлик барлық тармақлары модернизацияланып, ис жүзинде технологиялық жақтан жаңаланбақта. Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың елимизди 2013-жылда социаллық - экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2014-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2014 жыл жоқары пәтлер менен раўажланыў, бәрше имканиятларды иске қосыў, өзин ақлаған реформалар стратегиясын избе-из даўам еттириў жылы болады» атамасындағы баянатында былай деген еди:

«Мине усындай өзгерислердиң нәтийжесинде жалпы ишки өнимниң қурамында санааттың үлеси ҳәзирги ўақытта 24,2 проценттен аслам болмақта. Ал, бул көрсеткиш 2000-жылда 14,2 проценттен ибарат еди»[3].

«Соңғы 3 жылда елимизде жергиликлилестирилген өнимлерди ислеп шығарыўдың көлеми дерлик еки есе артты. Тек ғана өткен жылдың өзинде 455 кәрханада жергиликлилестириў бағдарламасы тийкарында 1 мың 140 жойбар әмелге асырылды. Бунының нәтийжесинде өндиристиң көлеми 1,2 есе

---

[3] Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың елимизди 2013-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2014-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2014 жыл жоқары пәтлер менен раўажланыў, бәрше имканиятларды иске қосыў, өзин ақлаған реформалар стратегиясын избе-из даўам еттириў жылы болады» атамасындағы баянаты. *«Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2014 жыл № 9 1-бет.)*

көбейди ҳәм импорт орнын басыў бойынша жуўмақлаўшы нәтийже 5 миллиард 300 миллион АҚШ долларын қурады»[4].

Президентимиз айтып өткениндей бул көрсеткишлер арқалы бир қанша санаат тараўында жетискенликлерге ерискенимизден дерек береди. Лейкин биз келешекте заман талабының өсип баратырғанлығын есапқа алып ҳәм халқымызда киши бизнес ийелери ҳәм исбилерменлер санының өсип, салық есабының машқалалары пайда болып атырғанын атап өтиўимиз керек.

Әсиресе, бүгиги техника-технологиялардың жүдә пәт пенен раўажланған дәўиринде мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларын және де раўажландырыў ҳәм салық есабының әпиўайыластырылған методын ислеп шығарыўымыз зәрүрлигин заман талап етпекте. Буның ушын алдынғы тәжирийбелерди, жаңа технологияларды, сырт ел тәжирийбелерин көбирек пайдаланыўымызға туўра келеди. Буларды әмелге асырыў ушын есап санақ жумысларын дурыс жолға қойыўымыз керек, кирип келген инвестиция ийелери бизиң есап санақ жумысларымызға толық түсиниўи керек. Соның ушын есап санақ жумысларын дүнья стандартларына сәйкес келетуғын тәртипте әмелге асырыўымызға туўра келеди. Есап санақ жумысларын заман талабына сай алып барыўымыз ушын салық есабын есаплаўда жаңаша жантасыўымыз шәрт. Оны әмелге асырыў ҳәзирги ўақытта үлкен машқалалардың бири болып есапланады. Усы машқалаларды шешиўде салық есабы жумысы эффектлигиниң өсимин тәмийинлеп қалмастан, экономикадағы көплеген машқалалалардың шешилиўине мүмкиншилик жаратады, басқа тараўлардың раўажланыўына ҳәмде халық турмыс дәрежесиниң асыўына алып келеди. Оны мәмлекет

[4] Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың елимизди 2013-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2014-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги «2014 жыл жоқары пәтлер менен раўажланыў, бәрше имканиятларды иске қосыў, өзин ақлаған реформалар стратегиясын избе-из даўам еттириў жылы болады» атамасындағы баянаты. *«Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2014 жыл № 9 1-бет.)*

тәрепинен қоллап-қуўатлаў болса тийкарғы итибарға ылайық ўазыйпаға айланыўы зәрүр.

Бундай актуаль машқалалар сырт ел илимпазлары Коженов В.Я. , Бодрова Т.В., Чернов Б ,Э. А. Аренс., Дж. К. Лоббек., Б. Нидлз., Р. Энтони, Дж. Рис., Өзбекистан Республикасы шараятында М. Умарова., А. Абдуллаев., Э. Акрамов., Ю. М. Иткин., А. С. Сотиволдиев., М. М. Тўлахуджаева., Ф. Э. Гадоев., Р. Раджапов., Р. Дўсмуратов., А. Бобажанов., Н. С. Санаев., И. А. Завалишина, Қарақалпақстан Республикасы шараятында А. Матекеев., Т. Ситмуратов., С. Байжанов., Қ. Исмайлов ҳ т. б. мийнетлеринде көрилип шығылған. Лекин бул авторлардың мийнетлеринде  салық есабы ҳәм есабатын есаплаўдың оптимал методолиясында жаңаша жантасыўлар, олардың миллий экономикада қолланыўшаңлығы бойынша машқалалар ҳәзирги заман талабына сәйкес түрде еле толық үйренилмеген. Соның ушын биз өзимиздиң магистрлик диссертация жумысымызда Қарақалпақстан Республикасында салық есабы ҳәм есабатын есаплаўдың оптимал методолиясына жаңаша жантасыўлар, олардың миллий экономикада қолланыўшаңлығы мәселелери бойынша усыныс ҳәм пикирлер  бериўди алдымызға мақсет етип қойыўды мақул деп таптық.

**Илимий жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Илимий жумыстың тийкарғы мақсети болып Қарақалпақстан Республикасында салық есабы ҳәм есабатын есаплаўдың оптимал методолиясына жаңаша жантасыўлар, олардың миллий экономикада қолланыўшаңлығы тәртиплерин үйрениў, салық еабын есапқа алыўды жетилистириў, соның менен бирге мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары анализин жетилистириў, сондай-ақ оларды есаплаўда жаңаша жантасыўларды ислеп шығыў болып есапланады. Бул көрсетилген мақсетлерге ерисиў ушын биз бир төмендегилерди әмелге асырамыз:

- мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының усылларын үйрениў;

- шет ел тәжирийбелерин үйренген ҳалда салық есабын жетилистириўди үйрениў;

- салық есабы счетларда жазылыўларын есапқа алыўды тәмийнлеў, бирлемши ҳүжжетлердиң дурыс ҳәм анық толтырылғанлығын үйрениў;

- мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалаларын анализлеп жуўмақларды анықлаў;

- салық есабын есапқа алыўды ҳәм анализин жетилистириў бойынша пикир ҳәм усыныслар билдириў ҳ. т. б.

**Илимий жумыстың предмети ҳәм объекти.** Илим-изертлеў жумысының предмети болып базар экономикасы шараятында мәмлекетимиздиң социал-экономикалық сиясаттының әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳаққындағы мағлыўматлар ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары, оларды бухгалтерия есабының миллий стандартларына сәйкес түрде есапқа алып барыў, салық есабын есаплаўда жаңаша жантасыў усылларында анализлеў есапланады. Изертлеў жумысының объекти болып Қарақалпақстан Республикасы хожалық жүритиўши субъектлер есапланады.

**Илимий жумыстың методологиясы ҳәм усылы сыпатында.** Президент мийнетлеринде көрсетилип өтилген миллий идеология теориялары, Президент пәрманлары, Министрлер қабинети қарарлары, мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабы ҳәм анализи бойынша жазылған

илимпазлардың мийнетлери хызмет қылады. Илимий жумысты жүргизиўде статистикалық анализлеў, диаграммалар, графиклер ҳәм басқада усыллардан кең пайдаланылды.

**Магистрлик диссертация жумысындағы илимий жаңалықлар.** Қарақалпақстан Республикаксы хожалық жүритиўши субъектлеринде мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалаларын есапқа алыў усыллары ҳәм оны жетилистириў илажлары көрсетилген. Салық есабын есаплаўда жаңаша жантасыўлар бойынша есаплаў жоллары әмелге асырылды. Қарақалпақстан Республикасы хожалықларында мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының тәсири, өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары анализленди, оларды есаплаў нәтийжелери анықланды ҳәм оларды жетилистириў жоллары бойынша пикирлер көрсетилди.

**Магистрлик диссертация жумысының әмелий әҳмийети.** Изертлеў жумысы бойынша исленген жумыслардың жуўмағы 2013 ҳәм 2014 жылларда өткерилген Республикалық ҳәм Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде шөлкемлестирилген илмий, әмелий конференцияларда додаланды ҳәм қоллап қуўатланды. Изертлеў жумысында берилген усынислар Қарақалпақстан Республикасы хожалық журитиўши субъектлерде ҳәм басқада өндирислик хожалықларда толық пайдаланылса, сондай-ақ есап санақ жумысларында қолланылса, онда Қарақалпақстан Республикасы хожалықларында мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары есапқа алыўда жаңаша жантасыў жақсыланып келешекте кәрханалардың жақсы нәтийжелер менен ислеўине мүмкиншилик береди.

**Илимий жумыстың дүзилиси.** Илим изертлеў жумысы кирисиў, үш баптан ҳәм жуўмақлаў бөлимлеринен турады. Кирисиў бөлиминде хожалық жүритиўши субъектлерде мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары, есапқа алыў ҳәм оларды анализлеў бойынша жаңаша жантасыў машқалалары, жумысты үйрениўдеги мақсет ҳәм ўазыйпалар атап көрсетилди.

Магистрлик диссертация жумысының 1-бабында мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының теориялық тийкарлары ҳаққында, оларды есаплаў тәртиби бойынша түсиниклер берилген.

Изертлеў жумысының 2-бабында мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары ҳәм оларды есапқа алыўды шөлкемлестириў, анализлеў, сондай-ақ жаңаша жантасыўлар бойынша салық есабын есапқа алыў, салықларды есапланыўының счетларда көрсетилиўи, мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабын есаплаўда жаңа жантасыўларды қолланыў тәртиби, сондай-ақ салық есабын есаплаўда бухгалтериялық жазыўлар берилген.

Магистрлик диссертация жумысының 3-бабында болса салық есабының методологиялық машқалалары ҳәм оларды есапқа алыў бойынша анализлеў дереклери, қурамының анализи, салық есабының нәтийжелерине жаңаша жантасыўлар бойынша анализленип жуўмақлары жазылған.

Жуўмақлаў бөлиминде Қарақалпақстан Республикасы кәрханаларында мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының

өсиў тенденцияларының тәсири ҳәм салық есабының методологиялық машқалалары бойынша пикир ҳәм усынıслар берилген.

Илим-изертлеў жумысының жазылыўында Бухгалтерия есабы ҳаққындағы Нызам, Бухгалтерия есабының миллий стандартлары, Президент пәрманлары ҳәм мийнетлери, Министрлер Кабинетиниң қарарлары, экономикалық, бухгалтерия есабы, экономикалық аналаз пәнлери бойынша әдебиятлардан, бухгалтериялық есабат бойынша формалардан, журнал материалларынан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы хожалық жүритиўши субъектлердиң 2011-2013 жыллардағы есабат мағлыўматларынан пайдаланылды.

Орынланған жумыстың тийкарғы нәтижелери.

- мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының усылларын үйренилди;

- шет ел тәжирийбелерин үйренген ҳалда салық есабын жетилистириўди үйренилди;

- салық есабы счетларда жазылыўларын есапқа алыўды тәмийнлеў, бирлемши ҳүжжетлердиң дурыс ҳәм анық толтырылғанлығын үйренилди;

- мәмлекетлик социал-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарларының өсиў тенденциялары ҳәм салық есабының методологиялық машқалаларын анализлеп жуўмақларды анықланды;

- салық есабын есапқа алыўды ҳәм анализин жетилистириў бойынша пикир ҳәм усыныслар билдирилди ҳ. т. б.

**Пикир ҳәм усыныслардың қысқаша улыўмаластырылған көриниси.** Қарақалпақстан Республикасы хожалық жүритиўши субъектлеринде салық есабын есапқа алыў ҳәм анализлеў арқалы нәтийжелер

анықланып жумыс сапасының жоқарылаўына тәсир етиўши факторлар үйренилди ҳәм мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары ҳәм салық есабы бойынша пикир ҳәм усынıслар берилди

## 1-бап. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары ҳәм салық есабын есаплаўдың теориялық тийкарлары

### 1.1. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары

Базар экономикасына өтиў процессинде түрли мүлкшилик формасындағи кәрханалар искерлигине толық еркинлик берди. Әсиресе, саўда-сатықта еркин қатнасық жүргизиў, биргеликте искерликти алып барыў ушын шерик таңлай билиў, өзи ислеп шығарған өним ҳәм оны сатыўдан алған дәраматқа толық ийелик етиў финанслық көрсеткишлердиң өзгериўине туўрыдан-туўры тәсир көрсетеди. Бизге мәлим, бир тәрептен мәмлекет пенен, екинши тәрептен кәрханалар, шөлкемлер, фирмалар, жеке адамлар ортасында

қәлиплескен өз-ара экономикалық қатнасықлар мәмлекетимиздиң финанслық системасын қурайды. Демек, мәмлекет бас реформатор екен Республикамизда жүз берип атырған ҳәр қандай финанслық процесс мәмлекетимиз қадағалаўында болады. Өзбекистан Республикасы базар економикасына әсте-ақырын, басқышпа-басқыш, эволюциялық жол менен экономикалық реформаларды өткериў арқалы өтип атыр. Реформалардың биринши басқышында базар қатнасықларын қәлиплестириўдиң ҳуқықый тийкарларын белгилеўши 100 ге жақын нызам ҳүжжетлери қабыл етилди, меншиклестириў әмелге асырылып, көп укладлы экономиканың тийкарлары пайда болды, базар инфраструктурасының бир қатар елементлери жаратылды, хожалық жүргизиўдиң субъектлердиң жаңа формалары қәлиплестирилди. Мәмлекетимиздиң социал-экономикалық тараўын раўажландырыўда мәмлекетлик ретлестириўдиң тийкарғы мақсети макроэкономикалық турақлылықты тәмийинлеў арқалы экономикалық өсиўге ерисиўден ибарат. Бул мақсетке ерисиў ушын мәмлекет улыўма экономикалық теңсалмақлылыққа ерисиў илажларын әмелге асырады. Буны биз мәмлекеттиң төмендеги экономикалық хызметлеринде көриўимизге болады:

1. Базар экономикасының раўажланыўы ушын қолайлы болған ҳуқықый тийкарлар дүзиў. Бул хожалық жүргизиўши субъектлердиң экономикалық искерлик жүргизиўиниң тәртип-қағыйдаларын белгилеп бериўши нызамлар ҳәм басқа да норматив ҳүжжетлер қабыл етиўи арқалы әмелге асырылады. Мәмлекет исбилерменликти раўажландырыў, мулкти қорғаў, финанс-кредит системасын, ақша айланысын тәртиплестириўге қаратылған нызамларды қабыл етиў арқалы экономиканы ретлестириўге қатнасады.

2. Салық системасы арқалы кәрханаларды қоллап-қуўатлаў. Бул мәмлекеттиң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири есапланылып, ол экономикалық өсиўге ерисиў илажларында көринеди. Мәмлекеттиң экономикалық турақлылығына ерисиў ушын халық хожалығының барлық

тараўларын ресурслар менен тәмийинлеў, толық бәнтликке ерисиў, инфляцияның алдын алыў илажларын әмелге асырады.

3. Өз-ара бәсекени раўажландырыў ҳәм оған қолайлы болған орталықты қәлиплестириў. Бәсеке-базар экономикасының ең әҳмийетли механизмлеринен бири есапланады. Бирақ базар экономикасы жағдайында да монополиялық үстемликке ийе өндириўшилер болып, олардың хызметин қадағалап барыў мәмлекет тәрепинен жүргизиледи.

Базар экономикасы жағдайында мәмлекеттиң экономикалық ролин Өзбекистан тәжирийбесинде де көриўимизге болады. Республикамызда әмелге асырылып атырған экономикалық реформаларда мәмлекеттиң бас реформатор болыўы, оның реформалардың баслы бағдарларын белгилеп бериўи ҳәм қайта өзгерислер сиясатын алып барыўы, бунның дәлийли есапланады. Республикамызда тәртипке салынатуғын базар системасына өтилер екен, мәмлекет реформалар стратегиясын белгилеп береди ҳәм оған ерисиў тактикасын ислеп шығады.

Демек, бул екинши бағдарда кәрханалардың финанслық туралылығын сақлаўда жеңиллестирилген салық есабын енгизиў сиясаты да көрип шығылады.

Базар қатнасықларына өтиў дәўиринде кәрхананын өндирислик қуўатлылығын жоқарылатыў арқалы финанс нәтийжелерин жақсылаў ҳәм оларды еледе жетилистирип барыў арқалы жақсы нәтийжелерге ерисиў, сондай-ақ салыққа тартыў ҳәм оны есапқа алып барыўды шөлкемлестириў қәлиплеспекте, бирақ ҳазирги ўақытта бундай жетискенликлерге ерисиў еледе көп излениўлерди талап етеди. Сонлықтан кәрханаларда қолға киргизилген тәжирийбелерди терең үйрениў ҳәм заман талапларын итибарға алып, шет еллер тәжирийбесинен пайдаланған түрде заман талабына жуўап беретуғын жағдайда жақсы финанс нәтийжесине ерисиў мақсетке муўапық болған болар еди.

Бизге мәлим, хәр қандай объектти үйренгенимизде оның теориялық тийкарларына таянып ис қыламыз. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әхмийетли бағдарлары хәм салық есабын шөлкемлестириўдиң мақсети хәм ўазыйпаларын үйренгенимизде тийкарынан бунда тийкарынан Республикамызда жүз берип атырған социаллық-экономикалық сиясаттың әхмийетли бағдарлары ҳаққында хәм салық есабының теориялық тийкарларына таянып ис қыламыз. Демек, салық сиясаты-мәмлекетлик социаллық-экономикалық саласының әхмийетли бағдары сыпатында екен, салық есабын шөлкемлестириўдиң мақсети мәмлекетлик бюджет турақлылығын тийкарынан салық сиясатын дурыс алып барыўдан ибарат. Бул алдымызға қойылған мақсетке ерисиўимиз ушын юридикалық хәм физикалық шахслардан алынатуғын салық есабын дурыс шөлкемлестириўимиз лазым. Тийкарынан хожалық жүргизиўши субъектлерде жүз берген хожалық процесслерин есапқа алып барыў хәм салыққа тартыўда қолланылып атырған тәртиптиң Өзбекистан Республикасы норматив хүжжетлери талапларына муўапықлығын анықлаўдан ибарат.

«Ҳәзирги ўақытта және бир мәселе-мамлекетимиз экономикасында киши бизнес, биринши орында, жеке исбилерменликтиң роли хәм үлесин және де кеңейиттириўди тәмийинлей алатуғын нызамларды қабыллаў маселеси биз ушын актуал болып қалмақта »[5].

Түрли мүлк формасындағы кәрханалардың финанслық нәтийжелери сол хожалық жүргизиўши субъекттиң искерлиги менен туўрыдан-туўры байланыслы. Кәрханалардағы ишки бақлаў орайы тәрепинен салық есабы менен байланыслы болған хүжжетлерди турақлы түрде тексерип турылыўы мақсетке муўапық болар еди.

Республикамыз кәрханаларында салық жүгиниң жаңа ставкалары бойынша есабының жүргизилиўи, бул арқалы кәрхананың финанс хожалық

---

[5] Каримов И.А .Тийкарғы вазифамиз-ватанимиз тараққиети ва халқимиз фаравонлигини янада юксалтириш- *Тошкент: Ўзбекистон, 2010, 65-бет*

жумысларында жетискенликлерге ерисиўи, соның менен бирге салық төлеми арқалы бюджетти толтырыў мәселелери пайда болмақта. Ҳәзирги ўақытта бундай машқалаларды тезирек әмелге асырыў бүгинги күнниң баслы ўазыйпаларына айланбақта. Салық төлемлерин дурыс есаплаў ҳәм оларды өз ўақтында төлениўи, бухгалтерия есабын дурыс шөлкемлестириўге тиккелей байланыслы болады. Көрсетилген хызметлерди толық есапқа алыў, мағлыўматларды анық анализлеў арқалы изертлеў жумыслары әмелге асырылыўы мүмкин.

Ҳәзирги күнде Өзбекистан Республикаси салық системаси жүдә рәңбәрең. Ҳәр қандай мүлкшилик формаси ийеси өзине қолайли болған салықтөлеўи мүмкин.

Салиқлар өбектине қарай:

1. Дәраматтан алинатуғин салық;
2. Обороттан алинатуғин салық;
3. Ресурс салығы болип бөлинеди.

Дәраматтан алинатуғин салиқлар: пайда(салықтөлегенге шекем алинади), инфраструктура (кәрхананиң сап пайдасинан алинади) ҳәм дәрамат (персоналлардиң мийнет ҳақисинан алинади).

Обороттан алинатуғин салықлар: ҚҚС, Акциз, бажыхана бажы тәбийий ресурслардан пайдаланғанлиғы ушын салиқ.

Ресурс салиқлари: Мүлк салиғи, жер салиғи ҳәм суў ресурсларинан пайдаланғанлиги ушын салиқ.

Дәраматтан алинатуғин салиқларди есапқа алғанимизда төмендегише проводка беремиз: ДТ 9810 КТ 6410

Обороттан алинатуғин салиқларди есапқа алғанимизда төмендегише проводка беремиз: ДТ 4010 КТ 6410

Ресурстан алинатуғин салиқларди есапқа алғанимизда төмендегише проводка беремиз: ДТ 9430 КТ 6410

«Юридикалық шахслардан алынатуғын пайда салығының базалық ставкасы 2013-жылдағы 9%тен 2014-жыл 8% ке пәсейттирилди. Пайда салығы ставкасының 1%ке кемейиўи есабынан хожалық жүргизиўши субъектлердиң иқтиярында 132.4 млрд сўм қаржы қалдырылды.»[6]

[6] Еркин Қарақалпақстан газетасы. №19 (18233) 2014 жыл 14- феврал, 1-3 бетлер.

## 3-бап. Мәмлекетлик социаллық-экономикалық сиясаттың әҳмийетли бағдарлары ҳәм салық есабы методологиясын жетилистириў жоллары

### 3.1. Өзбекистанда социаллық-экономикалық сиясатының раўажланыў жоллары

Бул Өзбекистан Республикасы Салық Кодекси мазмунына сәйкес келеди. Өзбекистан Республикасы Салық Кодекси төмендеги қурамға ийе:

Өзбекистанда салық системасының дүзилиси

| № | Улыўма мәмлекетлик салық | Жергиликли салықлар ҳәм жыйымлар |
|---|---|---|
| 1 | Ҳуқықый шахслардан дараматына пайдасына салық. | Мал-мүлк салығы |
| 2 | Физикалық тәреплердиң дараматына салық | Жер салығы |
| 3 | Қосымша қун салығы | Киши бизнес ушын бирден-бир салық |
| 4 | Акция салығы | Инфраструктураны раўажландырыў салығы |
| 5 | Жер асты байлықларынан пайдаланыў салығы | Физикалық тәреплер автотранспорттан ўақтыншалық турақ-жайы жыйымы ҳәм салығы |
| 6 | Суў ресурсларынан пайдаланыў салығы | Көтере саўда ушын микрофирмалар ҳәм киши кәрханалар ушын дәраматтынан бирден-бир салық |
| 7 | Саўда шөлкемлердиң жалпы дарамат салығы | Саўда хуқуқы жыйымы сондай-ақ айырым өнимлерден айрым түрлерин сатыў лицензия жыйымы |
| 8 | Бажыхана бажы салығы | Исбилерменлер менен шуғылланыўшы юридикалық ҳәм физикалық тәрпелерди дизимнен өткизиў жыйымы |

| | | |
|---|---|---|
| 9 | Мәмлекетлик бажы | Басқа төлеўлер (исбилерменлерден қатаң ставкадан салық) |
| 10 | Қымбат баҳалы қағазлар дизиминен өткизиў жыйымы | |
| 11 | Басқада дараматлар | |
| 12 | Физикалық тәреплерден шеттен товарлар алып киргени ушын бирден-бир бажыхана төлеўи | |

Салықлар ҳәм жыйымлар бир-бири менен байланыслы болып, нәтийжеде олар ҳуқуқый ямаса физикалық тәреплерден ақша дараматлардан алынады. Демек, салық ҳәм жыйымлардың жәми жыйымды суммасы салық жүги түсинигине келтирип шығарады.

Айланыстан алынатуғын салықларға қосымша қун салығы, акциз салығы, бажыхана ҳәм жер асты байлықлары қунынан алынатуғын салықлар киреди. Бирақ айланыс (айланба) түсиниги бизиң нызамшылығымыз бойынша алдыңғы зыят өним реализациясы айналысынан емес, ал, өнимлерди жүклеп жиберген қун менен өлшенеди. Жалпы түсимнен алынатуғын тек бир ғана салық ҳәм айланыстан алынатуғын салықларға киреди.

Дараматтан алынатуғын салықларға ҳуқықый шахслар дараматына (пайдасына) физикалық шахслардың дараматына салық, саўда шөлкемлердиң жалпы дарамытынан алынатуғын салықлар киреди. Бул группа салықларға социал инфраструктураны раўажландырыў салығы ҳәм киреди.

Мал-мүлк ҳуқуқынан алынатуғын салықларға мал-мүлк салығы, жер майданынан алынатуғын салықларға аўыл хожалық товар өндириўлердиң

бирден-бир жер салығы ҳәм юридик ҳәм физикалық тәреплердиң жер салығы киреди.

Экономикалық әҳмийетине қарай салықлар туўры ҳәм жанапай салықларға бөлинеди.

Туўры салықларды туўрыдан-туўры салық төлеўшилердиң өзи төлейди яғный салықтың ҳуқықый ҳәм ҳақыйқый төлеўшиси ҳәм бир ғана шахс болады. Туўры салық жүгин басқаларға жүклеў жағдайы болмайды. Бул салықларға барлық дараматдан төленетуғын ҳәм барлық мүлк салықлары киреди.

Туўры салықлардың туўрыдан-туўры дараматтан салық төленгенлиги ушын салықлар ставкасынан кемейтирилиўи кәрханалар дараматынан көп бөлегин оларға қалдырып инвестиция хызметин кеңейтириў мүмкиншилигин жаратады хам базар экономикасын раўажландырады. Бул салықлардың ставкалары көбейтирилсе, бизнес мүмкиншиликлери азайып, экономиканың раўажланыўын төменлетеди. Демек, бул группа салықлардың ставкалары туўрыдан туўры базар экономикасы менен тығыз байланысқан.

Жанапай салықлардың ҳуқықый төлеўшилери өнимлерди жүклеўшилер жумыс хызметти орынлаўшылар ҳәм хызмет көрсетиўшилер болып есапланады. Бирақ салық жүгиниң ҳақыйқаттан ҳәм бюджетке төлеўшилер товар (жумыс, хызмет) тутыныўшылар болып есапланады, яғный, ҳақықый салық төлеўшилер бул жерде жасырылған. Бул салықлар товар (жумыс, хызмет) қуны үстине үстеме рәўиште қойылады.

Бул салықлардың жақсы тәрепи республикада өндирилген өнимлердиң сыртқа шығып кетиўлигин шегаралайды, мәмлекет ишинде өнимлер көп өндирилиўине жәрдем береди. Жанапай салықлар арқалы өнимлер қуны асырылмаса, базарларда олардың тақшыллығы күшейеди. Салықлар

ставкасының асырылыўы кәрханалар хызметиниң финанслық жуўмағына тәсир етпейди, яғный инвестицион хызметин қысқартырмайды.

Бул салықлардың және бир тәрепи айланыстағы артықша пул массасын кемейтирип, кризистин алдын алып барады. Бирақ бул салықлар мийнеткешлер реал дараматын пәсейттиреди. Кәрханаларда туўры салықлар ставкасын кемейтириў есабына берилген мүмкиншилик көбирек өним өндириўди көбейтирип, товарлар көплигин тәмийинлеў керек.

Жанапай салықлар қурамына ҚҚС, акциз салығы, бажыхана, бажы, жер астынан пайдаланыў салығы киреди. Жоқарыда айтып өтилгениндей, туўры ҳәм жанапай салықлар тек бир ғана салық системасына қурап, бир-бири менен өз-ара байланысқан ҳалда биринин ставкасын кемейтирип 2-шисинен ставкасын асырыўды талап етеди.

Салықлардың улыўма мәмлекетлик (ресурсқа) ҳәм жергиликли салықларға бөлиниўи ҳүкимет органлардың республика ҳүкимети ҳәм жергиликли ҳүкиметлерге бөлиниў тийкарынан келип шығады. Ҳәр бир ҳәкимият органлары өзлериниң орынлайтуғын арнаўлы ўазыйпаларынан келип шығып, өз бюджетине ҳәм оны тәмийнлейтуғын салықларға ийе болыўы керек. Республика ҳүкимети улыўма мәмлекет көлеминде жүдә үлкен ўазыйпаларды: қорғаныў, қәўипсизликти сақлаў, тәртип интизамды орнатыў, базар инфраструктурасын жаратыў мийнеткешлердиң социаллық қорғаўды шөлкемлестириў ҳ.б. бир қатар ири жумысларды орынлайды. Соның ушын оның бюджети ҳәм салықлары ҳәм салмақлы болыўы шәрт. Ири ҚҚС, акциз, ҳуқықый шахслардың дараматынан, пухаралар дараматынан алынған салықлар республика бюджетине түседи.

Улыўма мәмлекеттиң салықлардың әҳмийетли қәсийети сонда, республика бюджетине түсетуғын салықлардан жергиликли бюджетлерди басқарып барыў ушын ажыратпа сыпатында түсиўи мүмкин. Егерде келеси

жылы жергиликли бюджеттен өз дереклери (салықлары) көбейип қалса, республика салықларынан ажыратпа бериўдиң кәжети болмайды. Республика ҳәм жергиликли салықлар тек бир ғана әҳмийетке ийе болып, бюджетке төлениўи шәрт болған төлемлер болып есапланады.

Ал, субвенция ямаса субсидия усыллары жергиликли ҳүкиметлердиң республика ҳүкиметине хабарласыўы шәрт екенлигин билдирип, оларды өз территориялардағы салықлар толық өндирилиўи қызықтырмайды, олардағы боқибеғамлик пәзийлетин күшейтиреди, жергиликли ҳәкиметлер өз қәлеўинше салық ҳәм жыйымларды киритиў ҳуқуқына ийе емес. Буннан тысқары, жергиликли салықлар ҳәм жыйымлардан бюджетке түскен сумма муғдарында салық төлеўшилерге жеңилликлер бериў ҳуқықына ҳәм ийе. Жергиликли салықлар ҳәм мал-мүлк жер салығынан басқа жыйымлардың бюджетке толық түсиўин шөлкемлестириў олардың тийкарғы ўазыйпасы болып есапланады.

Өзбекистан Республикасында салық системасы ҳуқықый дерегине қарап шахслардан ҳәм физикалық шахслардан алынатуғын салықларға ажыратылады. Ҳуқықый шахслардан алынатуғын салықларға барлық жанапай салықлар кәрханалар дараматыны салық жер асты байлықларынан пайдаланғанлығы, суў ресурсларын пайдаланғанлығы, саўда шөлкемлердиң жалпы дарамат салығы, жер салығы, мал-мүлк салығы, реклама салығы, киши бизнес ушын тек бир ғана салық ҳ.т.б киреди. Айырым салықларды СККС, акциз ҳәм ҳуқықый шахслар ҳәм физикалық шахслар төлейди. Физикалық шахслардың төлейтуғын салықларына дараматына салық, жер, мал-мүлк, салығы киреди. Ҳуқықый шахслардан алынатуғын салықлар мәмлекет бюджети дараматлардың шешиўши бөлегин (70-75% ин) қурайды. Бул салықлардың арнаўлы қәсийети нақ пулсыз кәрханалар есап счетларынан бюджет счетларына көширип қойылады. Оны өндириў әпиўайы ҳәм арзанға түседи. Физикалық шахслардан алынатуғын айрым салықлар нақ пулға

өндирилетуғын ушын оны төлеў қыйын болады. Бундай салықларға жер, мал-мүлк салықлары, автотранспортты қайта сатыў салықлары ҳәм бир қатар жыйым киреди. Салық жыйнаў қәрежети көбейип кетеди, бул жумыс пенен арнаўлы тәжирийбеге ийе болған салық инспекторы шуғылланады, ҳүжжетлер (декларация, хабарламалар, шақырық ҳ.т.б.) көп жазылады.

Физикалық шахслардың салықларының ишинде ең ири пуқаралар жалпы дараматына салық болып есапланады. Бул салық арқалы пухаралардың группаларының дараматларын басқарып барыў мүмкиншилиги жаратылады.

Республикамызда халық аралық «экосан», «Истетод», «Нураний», «Камолат» ҳ.т.б. ҳәр қыйлы шөлкемлер дүзилген. Бул сондай ықтыярлы шөлкемлер рәўиште дүзиледи. Бирақ сондай фондлар бар, олар мәмлекет қатнасы менен мәжбүрий ҳалда ҳәр қыйлы ажыратпалар ҳәм бадаллар есабына дүзиледи. Бул фондларға қаржы бермеўликтиң илажы жоқ. Булар ҳәм нызам ҳәм нызам асты ҳүжжетлери ҳәм салықлар сыяқлы мәжбүрийлик тийкарында пайда болады. Будай фондларға пенсия фондқа ажыратпа (мийнет ҳақы фонды есабынан 24,2%) бәнтлик фондына (МҲЖ дан 0,5Ф)., Федерациясы (МҲЖ дан 0,3Ф)ке ҳуқықый шахслар ажыратпалар төлейди. Бул фондларға мектеп фондына жол фондына ажыратпа киреди. Бундай фондларды бюджеттен тысқары фондлар деп айтылады. Бюджетке салықлардан түсиўи ҳәм фондлар ажыратпа төлеў әҳмийетли тәрепи бул яғный мәжбүрий төлемлер есапланып, бул төлемлердиде ҳәм салықлы төлемлер қурамына киритиўге туўры келеди.

Жоқарыдағы фондларды базар қатнасықларының раўажланып барыўы менен ықтыярый тийкарғы өткизилсе, ҳуқықый шахслар ушын салық жүги бир аз кемейип, олардың экономикасы бир аз раўажланыўға имканият жаратады.

Биз енди 2013 жыл ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке төлемлерин есапланғаны менен бюджетке ҳақыйқый төленгенин салыстырып анализлеп көремсиз. ЫЫ.3.1-кесте де көринип турғанындай 2013 жылы жыл есапланған суммадан ҳақыйқый төленген суммасын салыстырғанда юридикалық тәреплердиң дараматынан алынатуғын салық 34,0 мың сумға кем төленген, физикалық тәреплердиң дараматынан алынатуғын салық 410,8 мың сумға кем төленген, жалпы түсимнен алынатуғын бирден – бир салық 5332,1 мың сумға кем төленген, жәми төлемлер 5776,9 мың сумға кем төленген. Буннан көринип турыпты салықтың барлық түри бойынша есапланған суммадан бюджетке кем төленген.бейген. Бул көрсеткишлер акцтонерлик жәмийеттиң финанслық аўҳалының төмен екенинен дерек береди. Егер есапланған салық сумммалары өз ўақтында төленип бармаса пения суммалары көбейип барып жәмийеттиң финанслық аўҳалын бурынғыдар да төмен әўҳалға алып келиўи сөзсиз.

2013 жыл ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке төлемлериниң анализи

**-санлы кесте (мың сум)**

| № | Көрсеткишлер | есаплан ған сумм | ҳақыйқат төленген | парқы (+, -) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Юридикалық тәреплердиң дараматынан алынатуғын салық | 9208,8 | 9174,8 | -34,0 |
| 2 | Физикалық тәреплердиң дараматынан алынатуғын салық | 1830,5 | 1419,7 | -410,8 |
| 3 | Жалпы түсимнен алынатуғын бирден – бир салық | 8564,2 | 3232,1 | -5332,1 |
| 4 | Жәми төлемлер | 19603,5 | 13826,6 | -5776,9 |

2013 жыл ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке төлемлериниң диаграммада көрсетилиўи (мың сум).




Ҳәзир ҳәрекеттеги жәми 15,2 процентти қураған салық ҳәм төлемлердиң орнына 13 процент муғдарындағы бирден - бир салық төлеминиң енгизилиўи исбилерменлик хизметин раўажландырыўда, әсиресе киши карханалар ушын айтарлықтай әҳимийетке ийе болды. Бул өз гезегинде киши карханаларға тек те 2013- жылдың екинши ярымында дерлик 10 миллиард сўм қаржыны тежеў имканиятын берди.

Салықтың жүгин кемейтиў бойынша көрилген илажларға байланыслы мәмлекет бюджетине төленип атырған кирислер, яғный фискал шегирмелер 22,6 процентке шекем қысқартылды.

Киши кәрханалар ушын ықшамланған салыққа тартыў системасына өтиў жүдә әҳмийетли. Себеби салық төлеўде ҳәр қыйлы есаплаўларды азайтып исбилерменлердиң ўақтын алмастан оларға қолайлықлар жаратып бериў зәрүр. Сонда ғана киши кәрханаларды экономикалық жақтан раўажландырыўда мәмлекет тәрепинен қоллап қуўатлаў жумыслары әмелге асырылды деп есаплаўға болады.

Өзбекистан Республикасы алдында турған қатар социал-экономикалық мәселелерди орынлаўда, сондай-ақ, базарларды товарлар ҳәм хызметлер менен толдырыўда хожалықтың жумыс бенен бәнтлигин тәмийинлеўде базар экономикасы жағдайында хожалық системасының арнаўлы қурам бөлеги болған киши бизнестиң әҳмийети үлкен.

Өзбекистанла киши бизнести раўажландырыўда мәмлекеттиң үлкен жәрдеми арқалы киши бизнес кәрхналары өзиниң үлкен мүмкиншиликлерин әмелге асрыўы мүмкин. Оларға мәмлкет жәрдем бериўи, кепилликтен тысқары ықшамланған салыққа тартыў системасына өтиўге рухсат бериўи - оларды шөлкемлестириў, финанс хожалығы хызметин басқарыўда белгили әҳмийетке ийе болды.

Ықшамланған салық системасының әҳмийети жүдә үлкен. Бул тек ғана салықлардың ықшамланғанлығында емес, ал есап жумысшылары ушын ўақыт ҳәм ақша қәрежетлерин кемейтиў, салықлар ҳәм жыйымларынан төленетуғын финанслық жазаларын кемейтириў мумкиншилигин береди.

Киши кәрханалар ушын алдыңғы улыўма мәмлекетлик ҳәм жергиликли салықлар, жыйымлар орнына бирден бир салықтың орнатылыўы салық есабын дүзиў әпиўайластырылды, бурынғы көп салық есаплары ҳәм дәлалатнамалар орнына тек бирдер бир салық есабы берилетуғын болды.

Акцизге тартылған товарларды ислеп шығарыўшы киши кәрханалар акциз салығын ҳәм төлейди.

Салық есабы әпиўайы ҳәм түсиникли болып тек ғана 6 көрсеткишден ибарат.

Киши кәрханалар ушын бирден бир ғана салық төлеўге өтиўи ықтыярлы ҳалда болады.

## 3.2. Салық есабы методологиясын шет ел тәжирийбелери тийкарында жетилистириў.

Ҳәр бир раўажланған елдиң өзиниң салық сиясаты әмелге асырылып барады. Соның менен бирге енди раўажланып атырған еллерде де өзиниң раўажланыўы өзгешелигин есапқа алған жағдайда салық сиясаты алып барылады.

Жәҳән салық сыясаты тәжирийбесинде салыққа тартыўдың томендеги бағдарларына үлкен итибар бериледи:

1) ҳәр қыйлы мүлктин формаларына сәйкес кәрхана ҳәм шөлкемлердиң хожалық жүригизиўине мүмкин болған экономикалық шараятты жаратыў оларды базар қатнасықларына кирип барыўына ҳәр тәреплеме жәрдемлесиў;

2) социал-зәрүрли улыўма мәмлекеттиң ўазыйпаларын орынлаў ушын мәмлекетке керек болған финанслық дереклер ҳәм қаржылар менен тәмийинлеў;

3) базар экономикасы шараятында жаңа социал-экономикалық илажларды шөлкемлестириўде қатнасыў, жумыссызлықты кемейтириў, экономикалық жағдайы төмен халыққа жәрдем бериў;

4) халықтың турмыс дәрежесин зәрүрли шегарада сақлап турыў мүмкиншилигин излеў ҳәм тәмийинлеў ҳәмде «тутыныў корзинасы» шегарасында мағлыўматларды есапқа алыў.

Салықлардан комплексли пайдаланыў - бул халық хожалығы тараўларын қайта қурыўға, өндирис инфраструктурасын жаратыўға хожалықлар ҳәм халықдан товар сатып алыў қәбилетин басқарып турыўға ҳәм ақшаның қәдирсизлениў процессин (инфляциясын) жылаўлап турыўға мүмкиншилик береди.

Салықлар мәмлекеттиң финанс дереги болғанлығы ушын салық сыясатын ислеп шығыў мәмлекеттин әҳмийетли ўазыйпасы болып есапланады. Бул сиясатты ислеп шығыўдың шөлкемлестириўшиси ҳәм орынланыўшысы мәмлекет болып есапланады. Буның ушын мәмлекет өз қолындағы барлық күшин соған қаратып, оны ислеп шығады. Буларға Финанс Министрлиги, Мәмлекеттиң Салық Комитети ҳәм басқа илимий методикалық шөлкемлер киреди. Салық сыясаты избе-из ҳәм жетисkенлик пенен ислеп кетиў ушын мәмлекет илимий излениў шөлкемлерин дүзип, олардың усынысларынан, жуўмақларынан кең пайдаланылады. Усындай илимий шөлкем Финанс Министрлиги қасындағы Илимий изертлеў орайы болып есапланады.

Мәмлекет салық сиясатын ислеп шығарып атырғанда пайда болған салықлардын ямаса жаңа киритилиўи керек болған салықлардың әҳмийети, келип шығыў ҳәм раўажланыў тарийхы терең үйренилиўи шәрт. Әсиресе, жаңа салықлар шығарылып атырғанда олар илимий тийкарланған болыўы, жетик қәнийгелер ҳәм коллективтиң ортасында еркин тартысыў тийкарында белгили бир жуўмаққа келиўи зәрүр. Бул жерде ҳеш қашан бир қәнийгесиниң пикирлери менен ғана шегараланып қалмаўы керек, тараў қәнийгеси өз мәплерин көбирек гөзлеп, улыўма мәмлекеттиң мәплерин олар көре алмаслықлары ямаса биле алмаслықлары мүмкин.

Демек, мәмлекет сиясатларды таярлаўшы оны толық турмысқа енгизиўди шөлкемлестириўшиси ҳәм басқарыўшысы ролин атқарады. Мәмлекеттиң салық сиясатын актив ҳалда жүритиў базар экономикасына жақсы өтиўдиң ҳәм оның қатнасықларын ҳәр тәреплеме раўажландырыўдың әҳмийетли усылы болып есапланады.

Ҳәзирги дәўирдиң салық сиясатының тийкарында Президент И. Каримовдың республика экономикалық раўажланыўының бес принципи ҳәм

тийкарғы көрсетпелери жатады ҳәм сол көрсетпелери тийкарында әмлеге асырылады.

Салық сиясатының тийкарынан 2 бағдары болып олар төменгдегише:

1) Кәрхана ҳәм шөлкемлерге болған салық сиясаты. Ең алды менен, кәрхана ҳәм шөлкемлерди базар экономикасы жағдайындағы еркинлигин есапқа алыў. Олардың финанслық ғәрезсизлигинниң еркин баҳа белгилеўлерине тосқынлық етпеў ҳәм бюджетке салық төлемлери белгиленип атырғанда тек ғана демократиялық тийкарда, яғный Олий Мәжилис тастыйықлап берген салықларды өндириўден шөлкемлестириў керек. Ҳәзирги ўақытта салықлар 1 тәрептен кәрханаларда конкуренцияға шыдам бере алатуғын товарлар (жумыслар, хызметлер) ислеп шығарыўды көбейтиўге, 2 ши тәрептен товар баҳасын асырып сатқан ҳалда мийнеттиң ямаса кем мийнет пенен табылған дараматларды шеклеўге қаратылыўы зәрүр.

2) Салық сыясатында халықтың ҳәр қыйлы группаларына ҳәр тәреплеме жанласыў, жағдайы төмен кем тәмийинленгенлерге иләжи барынша салықтан көбирек жеңиллик бериў ҳәм кем күш жумсап көп дарамат алыўшы ямаса басқа жеңил дарамат табыўшыларға жоқары прогрессиялық салық ставкаларын қолланыўы керек.

Бирдей әҳийметке ийе өз-ара қатнасықда байланыслы болып орайласқан пул фондын ҳәм де мәмлекетиң басқа фондларын мәжбүрий шөлкемлестиретуғын салық ҳәм жыйымлар түрлериниң жыйындысына салықлар қурамы деп айтылады.

Бундағы салық ҳәм жыйымлар бир әҳийметли яғный мәжбүрий ҳәрекетге ийе болған қатнас ҳәм олардың бир-бири менен байланыслығы бюджетге түсиниўин көрсетеди.

Бирдей әҳмийетке ийе ҳәм өз-ара қатнасықта байланыслы болып, орайласқан ақша фондын қурайтуғын салық жыйымлары турлериниң жыйындысына салық системасы деп аталады.

Бунда Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Киши кәрханалар ушын ықшамланған салыққа тартыў системасына өтиўди қоллап –қуўатлаў» ҳаққындағы қарарына муўапық әмелге асырылады. (1998-ж. 15-апрель 159-сан)

Ықшамластырылған салықты төлеўге өткен киши кәрханалар ушын төмендеги төлемлерди төлеў тәртиби сақланып қалынған.

- акциз салығы
- баж (томожня) төлемлери
- мәмлекет бажы
- бюджеттен тысқары фондларға төлем (пенсия фонды, бәнтлик ҳәм жол фондлары)
- биржа питимлери жыйымы
- арнаўлы товарларды сатыў ҳуқықын алыў лицензия жыйымы
- жергиликли аукцион ҳәм лоторея өткериў ҳуқықын алыў лицензия жыйымы
- саўда қылыў хуқықын алыў жыйымы
- автотранспорт турақ-жай жыйымы
- ат шабарда шабыў ҳәм утыс алыў жыйымы
- кино ҳәм телевидениеге сүўретке алыў жыйымы
- Киши бизнес кәрханаларында бир ғана критерия бар болып, олардағы жумысшының саны бойынша есапланады. Оған қарай киши бизнес атамасына кириўдиң төмендеги шегаралары белгиленген.
- Микрофирмаларда:
- өндирис тараўлары ушын 10 адамға шекем

- саўда, хызмет ҳәм басқа өндирис емес тараўларда 5 адамға шекем киши кәрханаларда

- санаатта 40 адамға шекем
- қурылыста ( ҳ.т.б. өндирислик тараўларда) 20 адамға шекем
- илим, илимий излениў, чакана саўда ҳәм басқа өндирислик емес тараўларда 10 алдамға шекем хызметкер болыўы керек.

«ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийети бюджетке салық төлеми бойынша бирден-бир салық төлеўши хожалық болып есапланады. Соның ушын биз енди 2013 жылғы «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке бирден-бир салық төлеминиң есапланыўын көрип өтемиз. -кесте көринип турғанындай Акционерлик жәмийет бойынша 2013 жылы жалпы түсим (жалпы дарамат) барлығы 63569 мың сумды қураған. Бирден-бир салық төлеминиң ставкасы 13 % муғдарында белгиленген. Есапланған бирден-бир салық суммасы 8264 мың сумды қураған.

2013 жыл ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке бирден-бир салық төлеминиң есапланыўы

кесте (мың сум).

| № | Көрсеткишлер | Есапланған сумм |
|---|---|---|
| 1 | Жалпы түсим (жалпы дарамат) барлығы | 63569 |
| 2 | Бирден-бир салық төлеминиң ставкасы, % | 13 |
| 3 | Есапланған бирден-бир салық суммасы | 8264 |
| 4 | Өткен дәўир ушын бюджетке есапланған бирден-бир салық суммасы | 7685 |

Бюджетке салық төлемлерин өз ўақтында төлениўи акционерлик жәмийеттиң сап пайдасына да байланыслы болады. «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң 2004-2013 жыллардағы сап пайдасы ҳәм оның қурамның анализилеп көремиз. ЫЫ.4.2-санлы кестеде көринип турғанындай өткен жылы акционерлик жәмийет 6785 мың сум нақ пайда алынған болса, 2013 жылы жылды 135955,2 мың сумлық зыян менен жуўмақлаған. Дәрамат салығын есаплаў өткен жылға қарағанда 5474,8 мың сумға көбейген. Өткен жылға салыстырғанда зыян көриўинин себебиниң бири 2013 жылы дәўир қәрежетлери ҳәм процент түриндеги қәрежетлер ҳәдден тыс көбейип кеткен. Сатыўдан пайда алынғаны менен ҳәр түрли қарежетлердиң көбейип кетиўине байланыслы сап пайда болмаған.

«ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң

2004-2013 жыллардағы сап пайдасы ҳәм оның қурамның анализи

ЫЫ.4.2-санлы кесте (мың сум)

| № | **Көрсеткишлер** | 2004 жыл | 2013 жыл | Өзгериси (+,-) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Өнимлерди сатыўдан түскен түсим | 57450 | 71442,3 | +13992,3 |
| 2 | Сатылған өнимлердиң өзинен түсер баҳасы | 36810 | 63170,0 | +26360 |
| 3 | Өнимлерди сатыўдан алынған жалпы пайда (1 қатар-2 қатар) | 20640 | 8272,3 | -12367,7 |
| 4 | Дәўир қәрежетлериниң барлығы | | 91954,2 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | соның ишинде: сатыў қәрежетлери | | 68190,2 | |
| | административлик қәрежетлер | 7754 | 23512,1 | +15758,1 |
| | басқада операцион қарежетлер | 1103 | 251,9 | -851,1 |
| 5 | Тийкарғы өндирис хызметинен финанслық нәтийже | 11783 | -83681,9 | |
| | Процент түриндеги қәрежетлер | 1264 | 43063,3 | +41799,3 |
| | Финанслық хызметтен басқада қәрежетлер | | 1,2 | |
| 5 | Улыўма хожалық хызметининиң финанслық нәтийжеси | 10519 | | |
| 6 | Салық төлегенге шекемги улыўма финанслық нәтийже | 10519 | -126746,4 | |
| | Дәрамат салығы | 3734 | 9208,8 | +5474,8 |
| 8 | Басқа да салық ҳәм ажыратпалар | | | |
| 9 | Есабат дәўириндеги сап пайда | 6785 | -135955,2 | |

санлы кесте 2003-2013 жыллар ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң пайдасының анализи көрсетилген. Кестеде көринип турғанындай 2013 жылы пайданың өткен жылларға салыстырғанда кемейип кеткени сезиледи. Буған айрым қәрежетлердиң ҳәдден тыс көп жумсалыныўы себеп болған.

2003-2013 жыллар ушын «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң пайдасының анализи

-санлы кесте (мың сум)

| Көрсеткишлер | есапланған сумм | ҳақыйқат төленген | парқы (+, -) |
|---|---|---|---|
| 1. Салық төлегенге шекем улыўма финанслық нәтийже | 8193 | 10519 | -126746,4 |
| 2. Пайдадан салық | 3428 | 3734 | 9208,8 |
| 3.Басқа салық ҳәм ажратпалар | | | |
| 4. Есабат дәўириндегит сап пайда | 4765 | 6785 | -135955,2 |

Салық төлемлериниң өз ўақтында төлениўине дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызлардың көбейип кетиўи өзиниң кери тәсирин тийгизеди. санлы кестеде «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң 2013 жыл 1-январь ушын дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызы көрсетилген. Солай етип дебиторлық қарыз 87755748 сумға жеткен, ал кредиторлық қарыз болса 18362824 сумға жеткен.Кестеде көринип турғанындай бул қарызлардың көбейип кетиўи акционерлик жәмийеттиң финанслық жағдайына өзиниң кери тәсирин тийгизген. Дебиторлық қарызларды өз ўақтында келип түсиўин тәмийинлеў акционерлик жәмийеттиң басшыларына тиккелей байланыслы. Булардың өз ўақтында төлеўиниң тәмийинленбеўи кредиторллық қарызлардың да өз ўақтында төленбеўине себепши болады. Өз

гезегинде кредиторлық қарызлардың төленбеўи акционерлик жәмийеттиң қосымша қаржыларының жумсалыныўына алып келеди.

«ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң

2013 жыл 1-январь ушын дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызы

ЫЫ.4.4-санлы кесте (сум)

| № | Көрсеткишлер | Дебиторлық | Кредиторлық |
|---|---|---|---|
| 1. | Продтовар АЖ | | 313785 |
| 2. | ҚҚ Суў ақаба | | 20230 |
| 3. | ҚҚ электросет | | 547740 |
| 4. | НОСЭС связь | | 18255 |
| 5. | ДПКП Осие-Вест | 86089040 | |
| 6. | СП Юниверс | 1344842 | |
| 7. | СП Осие-Вест | | 13000000 |
| 8. | Дорож. Фонд | | 367404 |
| 9. | Камалат 10% от Ед. налог | | 478676 |
| 10. | П-фонд ГНИ 2,5% | 24275 | |
| 11. | ГНИ Ед. налог | | 3207528 |
| 12. | Подоход налог | | 185309 |
| 13. | П-фонд ГНИ ед. налог 33% | 269558 | |
| 14. | П-фонд ГНИ 0,7% | 28033 | |
| 15. | Гор проф. орг. 1% | | 29897 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16. | Задолженность на з/пл. | | 194000 |
| | Жәми | 87755748 | 18362824 |

## Жуўмақлаў

Республикамыздың социал-экономикалық турмысында әмелге асырылып атырған реформалар мәмлекеттиң салық системасында да реформа жүргизиўди талап етпекте.Акционерлик жәмийеттиң экономикасының раўажланыўында финанслық басқарыўдың роли жүдә әҳмийетли орынды тутады. Активлерден, финанс ресурсларынан, сырттан келген қаржылардан үнемле пайдаланыў финанслық үлкен нәтийжелерге алып келеди Соның менен бирге салық сиясатының дурыс жолға қойылыўы да үлкен әҳмийетке ийе. Салыққа тартыўда илажы болғанынша салық ставкаларын кемейтиўге бағдар алынбақта, соның менен бир қатарда салыққа тартыў объектлерин көбейтиў мәселеси де шетте қалған жоқ. Салық системасын, салықлардың есапланыўы ҳәм төлениў тәртибин, олардың бухгалтериялық есапта сәўлелендирилиўиниң методикалық ҳәм илимий жақтан үйрениў бойынша өткерген излениўлеримиз, төмендеги тийкарғы жуўмаққа келиўге имканият жаратты.

Бизиң пикиримизше, әмелдеги салық системасы экономиканымызды белигили дәрежесин ҳәм финанс сиясатының бас бағдарларын сәўлелендиреди. Оның нәтийжелигине болса, салыққа тартыўдың төмендеги шәртлерине әмел қылынса ерисиўге болады.

-хожалық жүргизиўши субъектлер ҳәм пухаралар социаллық топарлары мүлклериниң формасына қарамастан олардың дәраматларына прапорциональ салық салыныўдағы теңлик;

-өндиристи кеңейтиў, оның нәтийжелигин асырыў тийкарында бюджет дәраматларының турақлы базасын қәлиплесиўин тәмийнлеўши салықлардың фискал ҳәм қоллап-қуўатлаўшы ўазыйпасын бирге қосып алып барыў;

-бюджетке түсетуғын қаржыларды кеңейтиўге имкан бериўши салықлардың көплиги, салық салыўдың онша жоқары болмаған ставкаларын белгилеў. Көп мәртелеп салық салыў экономикалық жақтан қызығыўшылықты төменлетеди, мийнет ҳәм дәраматты асырыўға болған мүнәсебетти пәсейтеди, соның ушын объектлерге көп мәртелеп салық салыўды шеклеп, барлық салықлар ортасында жақын байланыслықты тәмийнлеў зәрүр.

Бул шәртлердиң енгизилиўи Республикамызда базар қатнасықларының жәнеде раўажланыўына, республика ҳәм жергиликли бюджетлерди ҳәмде салык төлемлери бойынша мүнәсебетлерди заман талапларына сәйкес рәўиште жетилисип барыўына сезилерли дәрежеде үлес қосады деген пикирдемиз.

Базар экономикасына өтиў дәўиринде ҳәр бир акционерлик жәмийет өзиниң ислеп шығарыў қуўатлылығын жоқарылатып барыўы, сапалы өним ислеп шығарып оларды сатыўда қарыйдарлардың талабын толық қанаатландырыўы, заман талабына сай жаңа техника ҳәм технологиялардан пайдалана билиўи мақсетке муўапық. Соның менен бирге ислеп шығарыў процессинде мәмлекетлик бюджет пенен есапласыўларды өз ўақтында әмелге асырып барыўы ушын есапласыў жумысларын туўры жолға қойып алып барыўы ҳәзирги дәўирде мәмлекет ҳәм хожалық жүргизиўши субъектлер ушын да жүдә әҳмийетли.

Изертлеў жумысларын жүргизиўимиз нәтийжесинде Нөкис каласында жайласқан «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң финанс-хожалық хызметиниң алып барылыўы, финанслық басқарыў, салық төлемлериниң есапланыўы жумысларының шөлкемлестирилиўи, ислеп шығарыў процессиниң барысын, финанс нәтийжесиниң жуўмақларын, бюджет төлемлериниң анализин, салық төлемлерин төленўин изертлеп

шықтық. Анализ жүргизиўимиз даўамында жәмийет өзиниң өндирисин соңғы жылларда бир қанша жақсы жолға қойа алмая атырғанын көрип өттик.

Экономиканы турақластырыў ушын, бүгинги күнде мәмлекетимизде нәтийжели өндирислик кәрханалары көп болғаны әлбетте жүдә зәрүр. Соның ушын Өзбекистан Республикасының ишки базар талапларын қанаатландырыў, сондай-ақ сырт еллерге өзимизде өндирилген таяр өнимлерди экспорт кылыў жумысларын мақсетке муўапық әмелге асырылыўы талап етиледи. Бундай жумысларды әмелге асырыўда ислеп шығарыўшы жәмийетлериниң есапласыў жумыслары дурыс шөлкемлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе. Соның менен бирге финанслық басқарыўдың дурыс жүргизилиўи, сондай-ақ салық төлемлерин дурыс есапқа алыў ҳәм оны өз ўақтында төлеў жүдә үлкен әҳмийетке ийе. Буларды жетилистирип барыў арқалы ғана дүнья стандартларына жуўап беретуғын өнимлерди өндириў ҳәм оларды қарыйдарларға өз ўақтында жеткерип бериў жолларын жақсылаў жумыслары әмелге асырылып барылады.

**Биз «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң финанслық басқарыў ҳәм салық төлемлерин бойынша дурыс есапласыў жумысларын изертлей отырып, оларды еледе жетилистириў бойынша өзимиздиң усынысларымызды билдирип өтпекшимиз.**

1). «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң қуўатлылығын еледе асырып, өнимлерди өндириў ҳәм оларды сатыўдағы үлесин арттырыў имканиятларын табыў ўазыйпасын алдына қойыў керек.

2). «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң 2005 жылы каиталларының көбейгени менен пайдасы кемейип кеткен. Буның себеби қарежетлердиң көбейип кетиўи салдарынан болған. Қәрежетлерди кемейтип пайданы көбейтиў жолларын көрип шығыўы керек.

3). «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң өнимлерин сатыўдыдан алынған финанс нәтийжелери өткен жылларға қарағанда бир қанша жоқары деген менен дәўир қәрежетлериниң ҳәдден тыс көбейип кетиўи жылды зыян менен жуўмақлаўға алып келген. Дәўир қәрежетлерин кемейтиўдиң максимал вариантларын ойлап көриўге туўра келеди.

4). 2005 жылы ««ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң өнимлерин сатыўдан келип түскен түсимлери өткен жылларға салыстырылғанда бир қанша артканлығын көрип өткен едик. Усыған қарамастан салық төлемлеринен еледе бюджет алдында қарызлары бар. Бунyң тийкарғы себеби дебиторлық қарызларының көбейип кетиўи есапланады. Соның ушын дебиторлық қарызларын тез өндирип алыў илажларын көрип шығыўы керек.

**5. 2005 жылы ««ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийетиниң бюджетке салық төлемлери бойынша есапласыўының анализи бойынша реже көрсеткишлериниң ҳеш қайсысы орынланбаған яғный бул салық төлемлериниң ўақтында төленбеўи жуўапкершилиги шекленген жәмийеттиң финанс нәтийжесине өзиниң кери тәсирин тийгизеди яғный пайдасының кемейип кетиўине себеп болады. Соның ушын есапланған салық суммасын өз ўақтында төлеўи лазым.**

**6. ««ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийети тийкарынан бирден бир салық төлемин төлеўши есаплансада 2013 жыл бул салық төлеми түри бойынша да режелери орынланбаған. Бул көрсеткишлер**

**жәмийеттиң жақсы жумыс алып барыўына өзиниң кери тәсирин тийгизген. Қалай болмасын салық төлемлериниң өз ўақтында әмелге асырылыўын жолға қойыўы керек. Буның бир жолы өнимниң сапасын жақсылап, олардың қарыйдарларын таўып өзиниң өнимлерин сатыў арқалы пайдасын көбейтиў ҳәм шығынларды кемейтиў арқалы финанс нәтийжелерин жақсылаў есапланады.**

Бизиң бул жоқарыда берген пикир ҳәм усынысларымызды «ДИЛЕММА» жабық түрдеги акционерлик жәмийети өзиниң финанс-хожалық хызметинде толық пайдаланса, бирқанша унамлы нәтийжеликлерге жетиседи деген үмиттемиз.

ПАЙДАЛАНЛЫҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

Рәсмий материаллар

1.1. Өзбекстан Республикасы Нызамлары:

1.1.1. Өзбекстан Республикасы Конституцияси. – Т.: “Өзбекстан”, 2005ж.

1.1.2. Өзбекстан Республикасынинг Пуқаралық Кодекси. “Адолат”, Ташкент, 2007.

1.1.3. Өзбекстан Республикасы Салық Кодекси. Ташкент 2010 ж.

1.1.4. Өзбекстан Республикасы нызамы. Бухгалтерия есабы туўрысында. Ташкент, 1996 ж. 30 август.

1.1.5. Өзбекстан Республикасының “Товар белгилери, хызмет көрсетиў белгилери ҳәм товар келип шыққән орын атлары туўрысында”ғы Нызамы. 30.08.2001 ж.

1.2. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарлары:

1.2.1. Өним(жумыс, хызметлер)лерди ислеп шығарыў ҳәм сатыў қәрежетлериниң қурамы ҳәм де финанслық нәтийжелерди қәлиплестириў ҳаққында Нызам. (Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1999 жыл 5 февралдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған).

**1.3. Нызамлар, инструкциялар ҳәм методикалық көрсетпелер:**

1.3.1. Өзбекстан Республикасы бухгалтерия есабының миллий стандартлары (№00-№21), Ташкент, 1998-2004 жж.

1.3.2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2005 жыл 15 июндаги қарори «Тадбиркорлик субъектлари томонидан такдим этиладиган ҳисобот тизимини такомиллаштириш ва уни ноқонуний талаб этганлик учун жавобгарликни кучайтириш туўрысида». 17.06.2005 «Халк сўзи» газетаси.

1.3.3. Ўзбекистон Республикаси Молия Вазирлигининг 2002 жыл 27 декабрдаги 140-сон буйруғи (Молиявий ҳисобот шакллари ва уларни

түлдириш бўйича коидаларини тасдиклаш туўрысида). «Соликлар ва божхона хабарлари» газетаси 2004 жыл 27 декабрь №52.
1.3.4. Международные стандарты финансовой отчетности. - М.: Аскери, 1999.

2. Президент мийнетлери:

2.1. Каримов И.А. Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында. Т.: "Өзбекстан", -1995 ж.
2.2. Каримов И.А. Барлық реже ҳәм бағдарламаларымыз ўатанымыз раўажланыўын жоқарылатыў, халқымыз пәрәўанлығын асырыўға хызмет қылады. –Т.: Өзбекстан, 2011. -26 б
2.3. Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери». – Т. Өзбекстан, 1997.
2.4. Каримов И.А. «Өзбекстанда демократиялық өзгерислерди және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийети тийкарларын қәлиплестириўдиң тийкарғы бағдарлары». «Халық сөзи» газетасы, 2002 жыл 30 август.
2.5. Каримов И.А. Жәҳән финанслық экономикалық кризиси, Өзбекстан шәраятында оны сапластырыўдың жоллары ҳәм илажлары. – Т.: Өзбекстан, 2009.
2.6. Каримов И.А. Мәмлекетте демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажалндырыў концепциясы: Өзбекстан Республикасы Олий мәжлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. 2010 жыл 12 ноябрь. – Тошкент: "Өзбекстан", 2010. -56 б.
2.7. Каримов И.А., Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида, Тошкент: "Ўзбекситон" 2011
2.8. Каримов И.А., Ўзбек халқига тинчлик ва омонлик керак, Тошкент: "Ўзбекситон" 2013

2.9. Каримов И.А. Ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көteretуғын жыл болады: *2011-жылдың тийкарғы жуўмақлары ҳәм 2012-жылда Өзбекстанды социаллық-экономикалық раўажландырыўдың ең әҳмийетли бағдарларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты, «Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2012 жыл № -9 10 (19160)*

2.10. Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Кәримовтың елимизди 2013-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2014-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги "2014 жыл жоқары пәтлер менен раўажланыў, бәрше имканиятларды иске қосыў, өзин ақлаған реформалар стратегиясын избе-из даўам еттириў жылы болады” атлы баянаты, *«Еркин Қарақалпақстан» 21.01.2014 жыл № 9 (19471)*

**3. Оқыўлық ҳәм оқыў қолланбалар**

3.1.1. Эргашхаджаева Ш.Ж. Аўыл орынларында кооперацияны раўажландырыўдың маркетинг стратегиясы. Тошкент-2006. 140 б.

3.1.2. Энтони Р., Рис Дж. Учет: ситуации и примеры. Перевод с англ., М.: Финансы и статистика, 1993 г.

3.1.3. Экономист. 2001. Из доклада генер. секретара ООН, стр 92.

3.1.4. Чая В., Чая Г. Международнўе стандартў финансовой отчетности. ГУП ИПК. «Ульяновский Дом печати», 2000.

3.1.5. Ҳошимов Б. Бухгалтерия ҳисоби назарияси. Тошкент - «Янги аср авлоди» - 2004

3.1.6. Хендриксон Э.С., Ван Бреда М.Ф. Теория бухгалтерского учета. – М.: Аудит, ЮНИТИ, 1996.

3.1.7. Хахонова Н.Н. Учет нематериальных активов. Учетно-практическая пособие. Ростов-на-Дону: Феникс, 2001. 212 с.

3.1.8. Ҳасанов Н., Нажмиддинов С. Корхона молиявий ҳолатини баҳолаш: муаммолар ва уларни ҳал килиш. «Иктисодиёт ва ҳукук дунёси» нашриёт уйи. Тошкент. – 1999.

3.1.9. Фрэнк Вуд. Бухгалтерский учет для предпринимателей. – М. ООО Аскери, 1996.

3.1.10. Умарова М.Г. ва бошкалар. Бухгалтерия ҳисоби. Т.-1999.

3.1.11. Сотиволдиев А., Иткин Ю., Замонавий бухгалтерия ҳисоби. (янги счётлар режаси асосида), Пб ва АА – 2002, 1-2 том.

3.1.12. Соловьева Г.М. Учет нематериальных активов. М: Финансы и статистика, 2001.

3.1.13. Соколов Я.В. Основў теории бухгалтерского учета. – М. «Финансў и статистика» - 2000.

3.1.14. Седьмая директива ЕС «О консолидированнўх счётах» от 13 июня 1983 г. – М: Аудит-Трейнинг, 1992. – 96 с.

3.1.15. Ризакулов А.А., Иброҳимов А.К., Ҳасанов Б.А., Усанов А.У., Маматов З.Т. Бухгалтерия ҳисобининг халкаро стандартлари. I-III том. ТМИ ва ИУТ, 1994.

3.1.16. Ризакулов А.А. Узок муддатли активлар ҳисоби. Т. – Фан, 1998.

3.1.17. Разъяснения Международных Стандартов Финансовой Отчетности. Комитет по международнўм стандартам финансовой отчетности 2002

3.1.18. Рабушкин Б.Т. Хоменко Т.А. система национальнўх счётов, Москва- «Финансў и статистика». 1993, 95 с.

3.1.19. Р.Раджапов. Р.Дўсмуратов. Қишлок хўжалик корхоналарида бухгалтерия ҳисоби. Нукус – «Билим» - 1995

3.1.20. Пизенгольц М.З. Бухгалтерский учет в сельском хозяйстве. -М.: Финансы и статистика, 2001.-400 с.

3.1.21. Панков Д. Бухгалтерский учет и анализ в зарубежнўх странах. – Мн.: Экоперспектива. 1998.

3.1.22. Палий В.Ф. Комментарии к международнўм стандартам финасовой отчетности. – М.: АСКЕРИ, 1999.
3.1.23. Палий В. Финансовўй учет. –М.:-1996.
3.1.24. Николаева О. Международные стандартў финансовой отчетности. – М.: УРСС, 2001.
3.1.25. Нидлз Б., Андерсон Х., Колдуэлл Д. Принципы бухгалтерского учета. М.: Финансы и статистика, 2003.
3.1.26. Н.Тўхлиев ва бошқалар. Ўзбекистон иқтисодиёти асослари, «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» давлат илмий нашриёти, Тошкент-2006, 95-бет
3.1.27. Молиявий ҳисобот. – КАРАНА корпорацияси. – Т. 2000.
3.1.28. Международные стандарты учета и аудита. М.: Аудит-трейнинг, 1992 г.
3.1.29. Международные стандартў финансовой отчетности 1999: издание на русском язўке. – М.: Аскери-АССА, 1999.
3.1.30. Международное система учет и отчетности. М.: Финансы и статистика, 1998г.
3.1.31. Литвиненко М.И. Обзор международных стандартов финансовой отчетности //журнал «Главбух». – 1998 №1.
3.1.32. Литвиненко М.И. Международные стандарты учета// Главбух. – 1998. - №1.
3.1.33. Лев Б. Нематериальные активы: управление, измерение, отчетность. М.: Квинто-Консалтинг, 2003.
3.1.34. Кузнецов Б. Л. Синергетический менеджмент в машиностроении. - Набережные Челны: Издательство Камского государственного политехнического института, 2003. — 400 с. — С. 63.
3.1.35. Козлова Т.В. Консолидированная бухгалтерская отчетность: методика составления // Бухгалтерский учет. – 1997. - №3.
3.1.36. Козлова Е.П., Парашютин Н.З. Бухгалтерский учет. –М. – 1999.

3.1.37. Кожинов В.Я. Бухгалтерский учет. М.: Федеративно Книго Торговая Компания, 1998 г.
3.1.38. Кирянов З.В. Теория бухгалтерского учета.- М.-1999.
3.1.39. Каримов А., Исломов Ф., Авлоқулов А. Бухгалтерия ҳисоби. –Т.: Шарқ, 2004. -592 б.
3.1.40. Камышанов П.И и др. Практическое пособие по бухгалтерскому учету. Москва Элиста АПП «Джангар», 2001. 559 с.
3.1.41. Ибрагимов А.. Каримов А. Хориж сармоялари бухгалтерия ҳисоби. – Т.: Ўзбекистон – 1999.
3.1.42. Завалишина И. Янгича бухгалтерия ҳисоби. – Т.: Иқтисодиёт ҳәм ҳуқуқ дунёси нашриёт уйи, 2004. 476 б.
3.1.43. Дусмуратов Р.Д. Аудиторлик фаолияти: назария, услубиёт ҳәм амалиёт. –Т.: Молия, 2007. -100 б.
3.1.44. Ғуломова Ф. Бухгалтерия ҳисоби (ўкув кўлланма). Т.-Меҳнат – 2012.
3.1.45. Вейцман Н.Р. Балансы капиталических предприятий и их анализ. – М., 1962.
3.1.46. Vahobov A.V, Ishonqulov N.F, Ibrohimov A.T. Moliyaviy va boshqaruv tahlili. «Iqtisod-moliya», Toshkent - 2013.
3.1.47. Вахитов К.И . Кооперация: теория, история, практика. Москва-2006 30 б
3.1.48. Ван Хорн Дж.К. Основы управления финансами/пер. с англ.; Гл. ред Я.В.Соколов. – М.: Финанси и статистика, 1996.
3.1.49. Бухгалтерский учет. (коллектив авторов под ред. Козловой Е.П.) – М. Финансў и статистика, 1999.
3.1.50. Бухгалтерский учет. (коллектив авторов под ред. Безруких П.С.) – М. Бухгалтерский учет, 1998.
3.1.51. Безруких П.С., Белобжецкий И.А. Бухгалтерский баланс: методика составления// Бухгалтерский учет. – 1994. - №1.

3.1.52. Баканов М.И., Шеремет А.Д. Теория экономического анализа. – М. Финанси и статистика, 1998.
3.1.53. Бакаев А.С., Шнейдман Л.З. – Учетная политика. – М. Бухгалтерский учет, 1998.
3.1.54. Аудит/Под ред. Тулаходжаевой М., Джураева Т., Гулямовой Ф. 1-2 том. ТДИУ, НАБАУз – Т.:
3.1.55. Абдукаримов И.Т. Молиявий ҳисоботни ўқиш ва таҳлил қилиш йўллари. «Иктисодиёт ва ҳуқуқ дунёси» нашриёт уйи, Тошкент. – 1999 й.
3.1.56. The work of SEC. U.S.Securities and Exchange Comission – 1999.
3.1.57. The Istanbul stock Exchange In a Historical Perspective. Written by prof. Haydar Kazgan/ published by ISE-Istanbul – 1999.
3.1.58. Stewart T.A. Intellectual Capital. The New Wealth of Organizations. New York: Currency Doubleday, 1997, p. 67.
3.1.59. Security regulation in the Unated States. NASD. Washington. 2000.

4. Журналлардағы мақалалар ҳәм силтемелер

4.1. Қувондиқов А. Бухгалтерия белгилиотлари ҳәм компания акциялари баҳоси// Бозор, пул ҳәм кредит – Тошкент, 2002. - №5.- 64-75 б.
4.2. Тошназаров С. Узоқ муддатли активлер: деприсиация ҳәм амортизация //Бозор, пул ҳәм кредит. – Тошкент, 2004. -№12 (91). - 37-40 б.

**5. Конференция материалларына силтемелер**

5.1. Ҳусанов Р.Ҳ. Қишлоқ хўжалигида кооперациялашнинг илмий-амалий асослари ва ўзига хос хусусиятлари. ЎзБИИТИ ил-ам. конф. материаллари.

5.2. Утениязов Қ. // «Өнимниң өзине түсер баҳасын калькуляциялаў методлары» Магистратура бөлими «магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы», Нөкис-2014

5.3. Утениязов Қ. // «Өнимнин өзине түсер баҳасының айрым калькуляциялаў усыллары» «Регионның социаллық –экономикалық

раўажланыўындағы тийкарғы машқалалар: ҳәзирги аҳўалы, раўажланыў перспективасы ҳәм машқалалары» атамасында өткерилген республикалық илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы., Бердақ атындағы ҚМУ 2013 жыл 26-27 апрел., Нөкис-2014

**6. Интернет сайтлары**

6.1. www.buhgalt.ru – Журнал «Бухгалтерский учет».

6.2. www.cer.uz – Иқтисодий изланишлар маркази

6.3. www.iasc.org.uk - International Accounting Standards Committee

6.4. www.iia.org.uk - The Institute of Internal Auditors – United kingdom

6.5. www.nalog.ru – Министерства РФпо налогам и сборам

6.6. www.nao.gov.uk - UK National audit office

6.7. www.pravo.eastink.uz – Иқтисодий қонунлар тўплами

6.8. www.soliq.uz – Өзбекстан Республикасы Давлат Солиқ Қўмитаси

6.9. www.uza.uz – Өзбекстан миллий ахборот агентлиги

6.10. www.uzlaw.uz – Өзбекстан Республикасы қонунлари тўплами

6.11. www.lex.uz– Өзбекстан Республикасы қонунлари тўплами